



Abòde pwoblèm lokatè yo genyen pou peye lwaye ak kesyon sispann mete moun deyò tanporèman poutèt yo pa peye lwaye

Depatman Lojman ak devlopman vil Etazini (HUD) fè flayèz sa pou bay moun k ap patisipe nan Pwogram lojman pou moun ki pa gen mwayen yo (HCV), Lojman piblik, Seksyon 8 pwogram reyabilitasyon modere (Mod Rehab) enfòmasyon enpòtan ak èd anrapò ak lwaye pandan peryòd ijans nasyonal la ki konsène pandemi kowonaviris la.

Kisa sispann mete moun deyò nan kay ye?

Kesyon mete moun deyò poutèt li pa peye lwaye, ak kòb pou l bay paske li pa peye lwaye, ap sispann tanporèman.

Sa aplikab pou tout patisipan nan pwogram HUD yo depi 27 mas, 2020 jiska 24 jiyè 2020¹. Menm si yo pa ta modifye Admisyon pou biwo Lojman piblik ou ak Règleman sou okipasyon dirab (ACOP) e/oswa Plan administratif la, tanpri mete nan tèt ou yo pran dispozisyon pou sispann mete moun deyò poutèt yo pa peye lwaye.

Èske w gen pwoblèm lwaye?

- **Patisipan nan pwogram lojman pou moun ki pa gen gwo mwayen:** Si ou te pèdi travay ou oswa ou pèdi salè ou, **mande pou yo fè yon lòt verifikasyon pwovizwa** avèk biwo lojman an kou sa posib. Yo kapab ajiste pri lwaye a pou l ka anrapò ak salè ou oswa ou kapab kalifye pou pa peye ditou akòz sitiyoasyon w. Biwo lojman ou a kapab konnen lòt èd ki disponib nan zòn nan tou.
- **Pou moun ki pa gen mwayen yo sèlman:** **Kontakte mèt kay ou touswit.** Ale diskite byen bonè opsyon ou genyen pou w fè aranjman pou sa w ka peye oswa lojman. Akòz ou pèdi salè ou epi yo fè lòt verifikasyon pwovizwa, ajisteman lwaye w ka gen efè sou bagay ki pase deja. Konfime avèk PHA anvan ak mèt kay ou a pou w wè si w ap resevwa yon kredi pou mwa pase a.

Ki lòt bagay ou ta dwe konnen?

- **Ou dwe kontinye peye lwaye w** pandan peryòd sa e l ap kontinye anpile si ou pa peye.
- Mèt kay ou ak PHA pa ka bay yon nouvo dokiman pou mete ou deyò akòz ou pa peye lwaye epi ou pa ta dwe resevwa yon lòt ki mande pou w kite kay la paske w pa peye lwaye kòmanse 27 mas 2020 jiska 24 jiyè 2020.
- Mèt kay ou ak PHA pa ka mande w peye lòt kòb, oswa yon ogmantasyon, epi yo paka kanpe èd ou te pou lwaye mwa pase yo tankou avril, me, jen ak jiyè.
- Si w pa ka peye lwaye aprè dispozisyon pou sispann mete moun deyò a fini: **Patisipan nan pwogram pou moun ki pa gen mwayen yo** ap bezwen negosye dirèkteman ak mèt kay la pou konnen egzijans pou w peye lwaye ou poko peye. Si se pa sa, mèt kay la ka voye yon dokiman pou yo mete w deyò. **Moun ki nan Lojman piblik** yo ap bezwen travay ak PHA pou yo ka peye angwo lwaye yo poko peye oswa pou yo fè yon aranjman pou yo peye. Si se pa sa, èd lojman w lan ka fini e/oswa PHA ka voye dokiman pou mete w deyò.
- Tout dokiman yo te voye bay tribinal pou mete moun deyò anvan dat 27 mas 2020 an ap toujou valab si sa pa kont lwa Eta oswa lwa ki etabli nan zòn yo.
- PHA ak mèt kay ou a kapab toujou sispann èd la epi mete w deyò pou kesyon dwòg, aktivite kriminel, pa respekte règleman kontra a, fè fwod, kontinye pa respekte bagay ki pa grav yo, ak lòt rezon valab, elatriye.
- HUD pap rantrè oswa patisipe nan demach yo fè pou mete moun deyò. Si w santi yo mal mete w deyò, kontakte òganizasyon èd legal zòn ou an oswa ajans sèvis sosyal yo. Si w se patisipan nan pwogram moun ki pa gen mwayen, ou kapab kontakte PHA ki nan zòn ou an tou.



¹ Yo adopte l nan seksyon 4024 nan Èd kowonaviris la, Soulanjman, epi lwa sou sekirite ekonomik 2020 "CARES Act" (Lwa piblik 116-136).